

TAREKAH NGARONJATKEUN KAPARIGELAN BASA SUNDA
BARUDAK SAKOLA*)
Dingding Haerudin**)

Rea tarekah anu bisa dipilampah ku guru enggoning ngaronjatkeun ajén pangajaran basa jeung Sunda, sarta numuwuhkeun karep murid pikeun diajar. Nilik *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Bahasa dan Sastra Sunda*, aya hal anu beda saupama dibandingkeun jeung kurikulum samemehna. Materi pangajaran anu ditangtukeun dina Kurikulum 2004 mah teu ditepikeun ka murid dina wangun tioretis anu kaleuleuwihi, tapi leuwih ngutamakeun proses jeung praktis anu baris ngaronjatkeun kana kaparigelan basana jeung kreativitas sastra murid. Murid langsung praktek ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Murid teu salawasna narima pangajaran ti guruna ngaliwatan ceramah anu matak pikaboseneun, atawa ngapalkeun rupa-rupa teori kabasaan anu rumit, atawa nyebutan pangarang jeung judul karangan anu sakitu reana, tapi murid dibere kalaluasaan pikeun nembrakkeun potensi basa anu aya dina dirina ku ngaliwatan apresiasi jeung ekspresi.

Hakekatna pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola nya eta pikeun ngamekarkeun kaparigelan basa murid-muridna, boh lisan boh tulis, sarta numuwuhkeun apresiasi sastra. Dina Kurikulum Standar Kompetensi anu can kungsi “disahkeun” lumakuna nepi ka kiwari, pangajaran basa jeung sastra Sunda diwadahan ku opat aspek kaparigelan, nya eta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Pikeun ngahontal eta opat aspek kaparigelan basa, tangtuna wae dina implementasina di kelas kudu museur kana proses ‘ngabina’ murid sangkan mampuh ngalaksanakeun kagiatan komunikasi dina rupa-rupa situasi. Ku cara kitu, dipiharep murid miboga kamampuh ngagunakeun jeung sikep nu hade kana basa Sunda. Pon kitu deui nu patalina jeung widang sastra, pangajaran sastra dipiharep gede mangaruhan kana kahirupan sastra. Alhasil, karya-karya sastra Sunda teu ngan sakadar jadi bahan pangajaran anu ‘mencil’ sarta ukur jadi unsur panambah, tapi murid dipiharep bisa metik hikmah tina karya-karya sastra anu mangrupa ajén-inajén gambaran kahirupan anu bisa ngaronjatkeun darajat budi pekerti.

Saupama dina kurikulum samemehna kagiatan ngaregepkeun teh dianggap kaparigelan anu sipatna pasip, teu ngirut karep siswa. Kitu oge kagiatan diajar nyarita dilaksanakeun ukur jadi panglengkep. Antukna dina kagiatan evaluasi oge (formatif, sumatif, epta) teu kungsi aya tes pikeun ngecek kamampuh murid dina kaparigelan ngaregepkeun jeung nyarita.

Dina kurikulum 2004, dipiharep proses pangajaran aspek ngaregepkeun bisa dilaksanakeun babarengan jeung aspek kaparigelan nyarita katut maca. Hal penting anu perlu diperhatian ku guru dina pangajaran aspek ngaregepkeun nya eta proses (prak-prakkan) ngaregepkeunana. Prak-prakkan ngaregepkeun anu dilaksanakeun di kelas mangrupa kagiatan anu tujuanana sangkan murid bisa narima lambang-lambang lisan, murid dibere lolongkrang pikeun narima informasi lisan, sarta murid bisa nangtukeun ma’na, jeung galeuh-galeuh anu aya dina eta informasi, katut hal sejenna.

Aya sababaraha warna jeung tujuan dina aspek ngaregepkeun anu bisa dilaksanakeun, upamana wae ngaregepkeun estetis, ngaregepkeun kritis, ngaregepkeun komprehensif, jeung sajabana. Langkah-langkah anu bisa dilaksanakeun bisa dipaluruh dina indikatorna. Langkah-langkah ngaregepkeun estetis, upamana wae ngahubungkeun bahan simakan jeung pangalaman pribadi,

ngahubungkeun regepan jeung pangalaman hasil maca, merhatikeun kaendahan jeung ma'na nu nyangkaruk satukangeun éta basa, jrrd.

Sarengsena murid ngalaksanakeun kagiatan ngaregepkeun, proses saterusna bisa disambung ku kagiatan sawala boh sastra boh basa, luyu jeung jejer materi anu dijadikeun bahan regepanana. Upama jejer materina ngeunaan kalimah, guru bisa nyokot sababaraha kalimah anu aya dina bahan regepan pikeun dikaji ku murid kalawan babarengan jeung pada baturna. Kitu deui saupama jejer materina ngeunaan aspek-aspek anu aya dina karya sastra (prosa atawa puisi), sarengsena ngaregepkeun guru bisa marentah ka murid pikeun maluruh ku cara nganalisis aspek-aspek anu aya dina eta karya sastra (tema, tokoh, latar, jst.) Tangtuna oge sanggeus murid dibere rambu-rambu naon anu kudu disawalakeunana. Palebah dieu guru mere lolongkrang ka murid pikeun nganalisis sorangan bahan hasil regepanana. Anu penting, guru henteu saendeng-endeng nepikeun ceramah ngeunaan tatabasa atawa sastra.

Patalina jeung strategi pangajaran aspek nyarita, aya sababaraha cara anu bisa dilaksanakeun ku guru, upamana ngabandingkeun karakter dua palaku dina dua carita, nyarita estetis, nyarita pikeun nepikeun pamaksudan, nyarita dina pintonan drama, jrrd.

Pikeun ngamimitian proses lumangsungna nyarita, guru bisa nawaran salah saurang murid jadi sukarelawan, atawa guru ngahaja ngasongkeun pertanyaan. Sangkan paguneman lumangsung leuwih lila, murid disina bagilir nepikeun komentarna, ngajukeun rupa-rupa pertanyaan, atawa ngarojong pamadegan babaturanana. Anu ahirna eta paguneman bisa dipungkas ku hiji konsensus atawa kacindekan hasil kasapuk sarerea. Eta nu pamungkas kaasup kana kagiatan ngarespon eusi regepan.

Nyarita estetis, di sagedengeun deklamasi, bisa oge diwangun mangrupa sawala ngeunaan sastra, upamana ngadongengkeun deui. Sawala ngeunaan sastra bisa dilaksanakeun sanggeusna murid maca atawa ngaregepkeun karya sastra. Murid bisa nepikeun pamadegan jeung ngomentaran eusi karya sastra tina hasil maca atawa hasil ngaregepkeun. Ngadongeng atawa ngadongengkeun deui mangrupa kagiatan anu gede mangpaatna, sabab sajabana ti numuwuhkeun motivasi oge sakaligus ngaronjatkeun imajinasi murid.

Conto pangajaran ngaregepkeun jeung nyarita anu di luhur teh mangrupa pamarekan diajar basa anu museur ka diri murid boh sacara personal boh klasikal sarta kontekstual. Murid teu salawasna ngadengekeun capetangna guru nyarita, atawa ngalalajoan parigelna guru ngajar. Tapi murid dilibetkeun pikeun jadi saurang individu anu dianggap boga potensi. Ku cara kitu dipiharep karep, sikep, katut kapercayaan diri murid dina diajar basa bisa tumuwuh kalawan wajar.

Pikeun ngahontal eta harepan ngaronjat ajén pangajaran basa Sunda di SD atawa di SMP, aya sawatara hal anu perlu diperhatikeun enggoning nangtukeun strategi dina ngalaksanakeun proses pangajaran basa di kelas, di antara wae (a) puseur pamiangan pangajaran basa nya eta pikeun nyangking kompetensi komunikatif lain ukur ngulik perkara gramatik; (b) kaidah-kaidah basa bakal leuwih kacangking, lamun murid langsung praktek ngagunakeun basa; (c) murid teu perlu dipaksa pikeun diajar basa, tapi sabalikna murid dibere lolongkrang pikeun nyangking basa.

Sawatara tarékah éta dipiharep ngaronjatkeun ajén pangajaran basa jeung sastra Sunda nu satata jeung pangajaran sejenna. Satata pentingna jeung satata kadariaan dina ngokolakeunana. Sanajan dina waktu anu samporet, ukur

2 jam pelajaran dina samingguna, tapi dipiharep nyangking hasil anu nyugemakeun.

*) Kungsi dikirimkeun ka Majalah *Kujang*

***) Dosen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI